**МИНИСТЕРСТВО ПРОСВЕЩЕНИЯ РОССИЙСКОЙ ФЕДЕРАЦИИ**

**Министерство образования и науки Республики Дагестан**

**АМР "Кумторкалинский район"**

**МКОУ "Темиргоевская СОШ"**

| РАССМОТРЕНО | СОГЛАСОВАНО | УТВЕРЖДЕНО |
|---|---|---|
| На заседании ШМО | Зам директора по УВР | Директор |
| ________________ | ________________ | ________________ |
| Хангишиева С.З. | Салаватова З.М. | Магомедова Н.М. |
| Протокол №1 от «26» 08 2023 г. | Протокол №1 от «26» 08 2023 г. | Приказ №42 от «26» 08 2023 г. |

**РАБОЧАЯ ПРОГРАММА**

**учебного предмета «Родной (авар.) литературы»**

для обучающихся 10 класса

**с. Темиргое 2023г.**

# Рабочая программа
## по родной (аварской) литературе
## для 10 класса
## на 2023-2024 учебный год

### 1.Программаялъе баян

Художествияб адабияталъ к1удияб кумек гьабула кинабго рахъ камилав инсан куцазе, г1агараб халкъалъул рух1ияб бечелъиялъул кьуч1алда г1олилазе тарбия кьезе.

Гьединлъидал школалда малъизе т1аса рищун руго ц1алдохъабазе мустах1икъал, маг1наялъул ва мац1алъул рахъалъ щвалде щварал авар литератураялъул ва вацлъиялъул миллатазул цо-цо асарал. Гьезда т1ад х1алт1улаго, лъималазда лъазе ккола художествиял асаразул анализ гьабизе, гьезие бит1араб къимат кьезе ва адабияб теориялъул к1вар бугел баяназдаса пайда босизе, гьелдаго цадахъ гьезие рагьизе ккола художествияб каламалъул пасих1лъи ва гъварилъи.

**Раг1ул устарлъиялъул асарал малъи ккола адабияб курсалъул аслияб рахълъун.**

**Малъиялъул мурадлъун ккола** раг1ул устарлъиялда лъимал хадур гъезари, камилал художествиял асаразда гъорлъе раккизе ругьун гьари, пасих1аб сипатияб каламалъул тату лъаялде гьел рачин, гьелъул кьуч1алда асаразулъ рихьизарурал жамг1иял гьоркьорлъабаздалъун, г1адамазул г1амал –хасиятаздалъун авторасе абизе ва бихьизабизе бокьараб аслияб пикру рагьиялде ва бич1ч1иялде рач1ин.

Адабияб курсалда жаниб хасаб бак1 ккола Ват1ан хиралъиялъул, миллатазда гьоркьоб гьудуллъи кквеялъул, дунялалдаго зах1матхалкъалъул мурадал ц1униялъул асар ц1алдохъабалъ куцаялъ.

Адабияталъул дарсаз лъимал т1амула миллатазул адаб-х1урмат гьабизе. Гьеб мурадалъе г1оло ц1алдохъабаз лъай-хъвай гьабула цогидал миллатазул адабияталдаса авар мац1алде руссинарурал лъик1ал асаразулгун.

Лъайгун тарбия кьеялъул масъалабиги, ц1алдохъабазул г1елалъулаб х1албихьиги х1исабалде босун, **авар мац1алда литератураялъул курс г1уц1ун буго 2007 соналда басмаялда бахъараб ва Дагъистан Республикаялъул лъайкьеялъул ва г1елмуялъул министерствоялъ тасдикъ гьабураб Дагъистаналъул Тахо-Годил ц1аралда бугеб педагогикияб г1елмиябгун ц1ех-рехалъулаб институталъ г1уц1араб «Авар ва Дагъистан адабият программалъул» кьуч1алда.**

10 абилеб классалъе ц1алул материал кьун буго тарихиябгун-тематикияб ва жанразул тартибги ц1унун. Гьениб х1исабалде босун буго байбихьул классазда ц1алул дарсазда лъималазе щвараб х1албихьи ва гьениб лъураб кьуч1алда г1уц1ула хадубккун литературияб ц1али.

10 абилеб классалъе малъизе программаялда рихьизарун руго лъайгун тарбия кьеялъе лъик1ал ресал ругел, рич1ч1изе бигьаял, художествияб рахъалъ щвалде щварал халкъияб к1алзул гьунаралъул, авар адабияталъул ва вацлъиялъул миллатазул хъвадарухъабазул т1аса рищарал асарал.

Гьаб программаялъул аслияб т1алаб: адабияталде лъималазул рокьи базаби; чвахун ва пасих1го ц1алиялъул бажари камиллъизаби; малъулел асаразул гъварилъилъуде раккизе ва аслияб пикруялда хадур гъезе к1везелъун, анализалъе авалияб роцада лъимал ругьун гьари ,т1ахьал ц1ализе гъира-шавкъ бижизаби.

**10 классалъе т1аса рищарал асараз рес кьола** ц1алдохъабазул г1умруялъул х1албихьи бечед гьабизе, сипатияб каламалъул лазат босизе лъималазда малъизе, гьезулъ рух1ияб сахаватлъи куцазе, г1умруялда дандч1валел г1емерал лъугьа-бахъиназе бит1араб къимат кьезе ругьун гьаризе.

**Щибаб классалъул курс г1уц1ун буго**, тарихиябгун тематикияб тартибги ц1унун. Гьелъ рес кьола лъималазул лъай г1амлъизабизе, литературиял асаразда кколел лъугьа-бахъинал ч1ванкъот1араб тарихияб заманалда хурхарал рук1ин ц1алдохъабазда бич1ч1изабизе, ва гьезда бихьизабизе гьел асаразда жаниб бат1и-бат1ияб тарихияб заманалъул г1адамазул г1умруги г1амал-хасиятги ва рук1а-рахъинги гвангъун цебеч1езабун бук1ин; гьелдаго цадахъ лъималазе рагьула жакъасеб къоялдаги гьел м алъулел асаразул бугеб к1вар; гьанжесеб г1умруялъе бит1араб къимат кьун бажаруларо, аралде данде кквеч1ого.

Программаялда мух1канго ч1езарун руго лъималазда лъазе кколел литературияб теориялдаса баянал. Теориялдаса авалиял баянал кьезе байбихьула 8 классалда, хадубккун гьезул сиях1 ц1ик1к1инабизе, малъарал гъварид гьаризе х1исабалде росун руго. Асаразул анализ гьабулелъул, ц1алдохъабаз теориялъул баяназдаса г1ат1идго пайда босизе ккола.

Раг1а-ракьанде щун, адабияб лъай кьеялъул масъала т1убан бажаруларо, г1ат1идаб къаг1идаялъ класстун къват1исеб ц1али г1уц1ич1ого. Гьединлъидал, чара гьеч1ого, т1убазе ккола  класстун къват1исеб ц1алиялъул программаги.

Гьезда т1асан гара-ч1вари гьабизе хасал дарсалги рихиьизарун руго. Муг1алимасда т1адаб буго ц1алдохъабазе ц1ализе кьезе цох1о рихьизарурал гурелги, ахираб заманалъ басмаялде рахъарал, критиказ рецщарал ц1иял асаралги.

**Программаялда кьун буго к1алзул ва хъвавул калам цебет1езелъун т1орит1изе кколел  х1алт1абазул къадар.**
Гьел х1алт1аби щулаго рухьарал руго адабиял асарал малъиялда. Гьединлъидал лъималги ругьунлъула сипатияб каламалде, поэтазул, хъвадарухъабазул пасих1аб мац1алде, раг1аби дандразе, хабар г1уц1изе, маг1наялда рекъараб форма батизе, жидерго пикру къокъго ва баянго загьир гьабизе. Гьелдалъун асаразул анализ гьабизеги, гьезие къимат кьезеги ц1алдохъабазул бажари борхула.

**Программаялда ч1езабун буго, адабияталъул курс малъулаго, лъималазе щвезе кколеб лъаялъул ва лъугьине кколеб бажариялъул мух1канаб г1урхъи-рахъ.** Лъазе ккола малъулел асаразул х1асил бицине, щибаб классалъул программаялда кьурал литературияб теориялъул баяназдаса г1ат1идго пайда босизе, программаялъ т1адаллъун гьарурал текстал рек1ехъе ц1ализе.

**Ругьунлъиялъулгун бажариялъул т1алабал к1ийиде рикьун руго:**

1. Асаралъул анализ гьабун ва гьелъие къимат кьун бажари;
2. Калам г1уц1ун бажари.

Программаялда бихьизабун буго щибаб художествияб асар малъизе бикьун кьураб ц1алул заман.

## 10 классалда адабиял темабазда т1орит1улел к1алзулал ва хъвавулал х1алт1абазул аслиял тайпаби

Бич1ч1изе бигьаяб г1елмияб мац1алда хъваралги х1дожествиялги текстал раг1ун, дурун ц1ализе ругьун гьари.
Рек1ехъе лъазарурал художествиял асарал пасих1го ц1али.

Изложение х1исабалда, гьит1инабго хабарияб асаралъул, яги к1удиялдаса цо бут1аялъул г1ат1идгоги (тексталде г1агарун) къокъгоги х1асил бицин (хъванги абунги), гьелда гьоркьобе  сипат – сураталъул бицунел бак1алги ккезари.

Ц1алдохъабазул жидерго зах1маталъул, гьез жамг1ияталъе гьабулеб пайдаяб х1алт1ул бицарал сочинениял хъвай.

Багьадураздехун, гьезул карал лъугьа-бахъиназдехун жиндилъ бижараб пикруги загьир гьабун, телевизоралдасанниги киноялданиги рихьарал фильмабазул, ц1алараб художествияб асаралъул х1акъалъулъ бицун бажари.

## Лъаялъул ва бажариялъул рахъалъан 10 классалъул ц1алдохъабазда цере лъолел  аслиял т1алабал

**Ц1алдохъабазда лъазе ккола:**

- лъазарурал асаразул ва гьезул авторазул ц1арал;
- лъазарурал асаразул багьадуралги ва гьел гьоркьор г1ахьаллъулел лъугьа-бахъиназул рахасги;
-адабияб теориялдаса баянал: художествияб асаралъул багьадур, багьадурасул монолог, диалог; дандекквей, олицетворение, эпитет;
- адабиял маргьабаздаса халкъиял маргьабазул бат1алъи;
-программаялда рек1ехъе лъазаризе рихьизаризарурал текстал.

**Ц1алдохъабазухъа бажаризе ккола:**

-лъазарурал асаразда гъорлъа хасал лъугьа-бахъинал рат1а рахъизе;
-лъазарулел асаразда жанир колел лъугьа-бахъиназда гьоркьоб заманияб ва г1илла-мурадияб бухьен ч1езабизе;
-малъулеб асаралда жаниб дандекквеял, эпитетал, олицетворениял ратизе ва текстазда гьоркьоб гьезул бугеб к1варалъе баян кьезе;
-муг1алимасул т1адкъаялда рекъон, лъазабулеб асаралъул багьадурасул г1амал-хасият бицине.

-рек1ехъе лъазарурал асарал пасих1го ц1ализе;
-гьит1инаб хабарияб асар, яги к1удиялъул цо бут1а изложение х1исабалда бицине ва хъвазе;
-зах1маталъул темаялда сочинение хъвазе (жиндирго х1алт1ул х1албихьиялъул кьуч1алда);
-асаралъул багьадурасул хасият рагьизе (бицунги хъванги);
- гьит1инаб хабарияб асаралъул яги к1удиялъул цо кесекалъул план г1уц1изе;

-асаралъул багьадураздехун ва лъугьа-бахъиназдехун лъугьараб бербалагьи загьир гьабун, жинцаго ц1аларал художествиял асаразе къимат кьезе (бицун).

Программа г1уц1ун буго, 2013 соналъ Дагъистаналъул лъай кьеялъул ва г1елмабазул министерствоялъ тасдикъ гьабураб ва ООО «НИИ педагогикиялъ» къват1ибе биччараб **«Авар ва Дагъистан адабияталъул программмаби V-XI классазе»** кьоч1ое босун, 34 саг1аталъе.

## 2 Х1асил

1. **Лаказул кьалул кечI «ПартIу-ПатIима» 1**
2. **Лезгиязул кьалул кечI «ГанчIил вас». 1**
3. **МагIарулазул кьалул кечI «Надир-шагь щущахъ виххизави». 1**
4. **18-19 гIасрабазда хъвавулаб адабият. 1**
5. **Сочинение «Дир анищ ккараб х1алт1и»1**
6. **Инхоса ГIалихIажияв «ГIакълудал ралъад». «ГIадада чIоге». 1**
7. **«Мукъур сурмияб микки» «Гьурмадул берцинлъи гIун». «Яс бечедазе кьезе бокьаразе». 1**
8. **«ХъахIаб рас баккиялде». 1**
9. **Сочинение «Дир росу» 1**
10. **ГIалихIажиясул замана- лъул поэтал. 1**
11. **БакьайчIиса ЧIанкIа «Гулишатиде».1**
12. **«ГьаракIунисей». «ТIадемагIарухъе яхине анищ». 1**
13. **Калам цебетIезаби Сочинение «ЧIанкIал асара--зулъ гьайбатай магIарулалъул образ». 1**

14. Хъахlабросулъа Махlмуд «Макьу». 1
15. «Эбелги ясги», «Гlишкъул цlецlа». 1
16. «Рекlел гьаваялъул гьундул рихханин». 1
17. Цlадаса Хlамзат «Хъахlабросулъа Махlмуд» 1
18. Чlанкlал ва Махlмудил заманалъул поэтал. 1

19. Лезгиязул адабият. Кочхюралдаса Сагlид «Мурсалханасе нагlана», «Дир къисматалъул гьоко» 1
20. Ятим Эмин «Огь,нилъер гlумру», «Дие ракбати гьабулезде» 1
21. «Эминил васият», «Огь, панаяб дуниял», «Гьудулзабазде» 1
22. Ятим Эминил заманалъул поэтал. 1
23. К.ц. Сочинение» Дие бокьу-леб т1абиг1аталъул заман» 1
24. Лъарагlазул адабият Йирчи Гъазахъ «Сибиралдаса кагъат» «Бихьинчи кинав вукlине кколев?». 1
25. «Батlияб мех». 1
26. «Гlакъиласул сабру бихxуларо». 1
27. Йирчи Гъазахъил заманалъул поэтал. 1
28. Даргиязул адабият Батырай «Рокьул кучlдул», «Бахlарчиясул хlакъалъулъ» 1
29. «Дица кечl кин ахlилеб?» «Дица кечl ахlулаан». 1
30. Батырайил заманалъул даргиязул поэзия. 1
31. Лаказул адабиятХl.Гузунов,С.Габиев, Гь.Сагlидов. 1
32. Табасараназул адабият Къалухъа Мирза 1
33. Мирзал заманалъул табасараназул поэтал 1
34. Малъараб гlамлъизаби.

## 3. Метапредметиял хIасилал

1. ЦIалиялъул мурадал ва масъалаби цере лъезе ва гьел тIуразариялъулкъагIидаби ралагьизе бажари.

2. Цебе лъураб масъалаялде ва гьеб масъала тIубазабиялъул шартIаздебалагьун, жиндирго цIалиялда рухьарал ишазе къимат кьезеги, гьезда хадубхал кквезеги, гьезул план гьабизеги бугеб бажари лъугьинаби.

3. Информация кьезе ишараялъулгин символикиял алатаздаса пайдабоси.

4. Хурхен гьабиялъул, ай бухьеналъулал ва нахъгIунтIиялъулалмасъалаби тIуразе, каламалъул алатал жигаралда хIалтIизари.

5. Информация балагьиялъул (баян кьолел тIахьаздаса), гьеббакIариялъул, гьелда тIад хIалтIиялъул, гьелъул анализ гьабиялъул, гьебгIуцIиялъул ва кьеялъул, гьелъул магIна бичIчIизабиялъул батIи-батIиялкъагIидаби хIалтIизари.

6. Цере лъурал мурадазда ва масъалабазда рекъон, батIи-батIиялстилалъул ва жанразул текстал бичIчIун цIализе бажари.

7. Цо чIванкъотIарал предметметал дандекквезеги, гьезул анализ васинтез гьабизеги, гьел гIаммлъизаризеги, кинал ругониги гIаламатаздалъунтIелазде рикьизеги, цоцада релълъинаризеги, гIиллаялъулабгин цIех-рехалъулаб бухьен чIезабизеги, гьезда тIаса пикру загьир гьабизеги бажари,ай логикиял хIалтIаби гьаризе лъай.

8. Накъиталъе гIахьаллъи гьабулев чиясухъ гIенеккизеги, диалогалъулъгIахьаллъизеги, батIи-батIиял пикраби рукIиналъе ва щибасул жиндиргохасаб пикру загьир гьабизе ихтияр букIиналъе мукIурлъизеги, жиндиргопикру загьир гьабизеги, гьелъие далил бачинеги разилъи.

9. ГIаммаб мурад цебе лъезеги гьеб тIубазабиялъул нухал ралагьизегибажари; цадахъ гьабулеб хIалтIи щибасда гьоркьоб бикьизе, къотIи-къайгьабизеги, цадахъаб хIалтIулъ цоцазда хадуб хал кквезеги, данд рекъонкколеб хIалалъ жиндир ва сверухъ ругезул хьвада-чIвадиялъе къимат кьезегибажари.

## 4.Ц1алул тематикияб план

| № | *Дарсил тема 10 кл* | *Саг1ат* |
|---|---|---|
| 1. | Лаказул кьалул кечI «ПартIу-ПатIима» | 1 |
| 2. | Лезгиязул кьалул кечI «ГанчIил вас». | 1 |
| 3. | МагIарулазул кьалул кечI «Надир-шагь щущахъ виххизави». | 1 |
| 4. | 18-19 гIасрабазда хъвавулаб адабият. | 1 |
| 5. | Сочинение «Дир анищ ккараб х1алт1и» | 1 |
| 6. | Инхоса ГIалихIажияв «ГIакълудал ралъад». «ГIадада чIоге». | 1 |
| 7. | «Мукъур сурмияб микки» «Гьурмадул берцинлъи гIун». «Яс бечедазе кьезе бокьаразе». | 1 |
| 8. | «ХъахIаб рас баккиялде». | 1 |
| 9. | Сочинение «Дир росу» | 1 |
| 10. | ГIалихIажиясул замана- лъул поэтал. | 1 |
| 11. | БакьайчIиса ЧIанкIа «Гулишатиде». | 1 |
| 12. | «ГьаракIунисей». «ТIадемагIарухъе яхине анищ». | 1 |

| | | |
|---|---|---|
| **13.** | **Калам цебетIезаби Сочинение «ЧIанкIал асара--зулъ гьайбатай магIарулалъул образ».** | **1** |
| **14.** | **ХъахIабросулъа МахIмуд «Макьу».** | **1** |
| **15.** | **«Эбелги ясги», «ГIишкъул цIецIа».** | **1** |
| **16.** | **«РекIел гьаваялъул гьундул рихханин».** | **1** |
| **17.** | **ЦIадаса ХIамзат «ХъахIабросулъа МахIмуд»** | **1** |
| **18.** | **ЧIанкIал ва МахIмудил заманалъул поэтал.** | **1** |
| **19.** | **Лезгиязул адабият. Кочхюралдаса СагIид «Мурсалханасе нагIана», «Дир къисматалъул гьоко»** | **1** |
| **20.** | **Ятим Эмин «Огь,нилъер гIумру», «Дие ракбати гьабулезде»** | **1** |
| **21.** | **«Эминил васият»,«Огь, панаяб дуниял»,«Гьудулзабазде»** | **1** |
| **22.** | **Ятим Эминил заманалъул поэтал.** | **1** |
| **23.** | **К.ц. Сочинение» Дие бокьулеб т1абиг1аталъул заман»** | **1** |
| **24.** | **ЛъарагIазул адабият Йирчи Гъазахъ «Сибиралдаса кагъат» «Бихьинчи кинав вукIине кколев?».** | **1** |
| **25.** | **«БатIияб мех».** | **1** |
| **26.** | **«ГIакъиласул сабру бихху ларо».** | **1** |
| **27.** | **Йирчи Гъазахъил заманалъул поэтал.** | **1** |

| | | |
|---|---|---|
| **28.** | **Даргиязул адабият Батырай «Рокьул кучIдул»,**<br><br>**«БахIарчиясул хIакъалъулъ»** | **1** |
| **29.** | **«Дица кечI кин ахIилеб?»**<br><br>**«Дица кечI ахIулаан».** | **1** |
| **30.** | **Батырайил заманалъул даргиязул поэзия.** | **1** |
| **31.** | **Лаказул адабиятХI.Гузунов,С.Габиев, Гь.СагIидов.** | **1** |
| **32.** | **Табасараназул адабият Къалухъа Мирза** | **1** |
| **33.** | **Мирзал заманалъул табасараназул поэтал** | **1** |
| **34.** | **Малъараб гIамлъизаби.** | **1** |

**5.Напсиял х1асилал:**

Г1ел бащадазда ва ч1ах1иязда гьоркьоб хьвада-ч1вадизе лъай.
Жинца гьарулел ишаздехун жавабчилъиялъул бербалагьи лъугьин.
 Жамаг1аталъе пайдаял ишалги.
Ч1ах1иязулгун ва г1иссиназулгун, цадахъ х1алт1улел г1ел цоязулгун гьоркьоблъи гьабизе бажари.
Х1инкъи гьеч1еб ва сах-саламатаб г1умру гьабизе лъай Хьвада-ч1вадизеги транспорталда ва нухазда .хьвадиялъул къаг1идабиги лъай.
Сверухъ бугеб т1абиг1аталдехун ц1уна-къараб бербалагьи.
Инсанасул ва жамг1ияталъул г1умруялъулъ хъизаналъул к1вар бич1ч1и.
Хъизамалда гьоркьоб гьабулеб г1умруялъул къиматал рахъал къабул гьари.
Россиялъул ва Дагъистаналъул халкъаз нилъее тарал  эстетикияб бич1ч1и цебет1езаби.
Рахьдал мацI нилъер культураялъул аслу букIин бичIчIи.
Рокьи Ват1аналде.
Рокьи  т1абиг1аталде.
Жиндирго пикру ккун чIезе.
Авар мацI миллиябгин культурияб бечелъи букIин бичIчIизе.
Жинца загьир гьабураб пикруялъулъ гIунгутIаби ратизе.
Авар каламалъул мухIканлъи ва берцинлъи бичIчIизе.
Художествиял текстал цIалулаго, эстетикияб рокьи цебетIезабизе жигар бахъизе.

## 6.Рагьараб календарно- тематикияб план 10 класс 2023 -2024с.

| № | *Дарсил тема* *10 кл* | *Саг1ат* | *п/п* | *п/ф* | *Деятельностиялъул видал* | *Материально-техникаялъул ч1езаби* | *Напсиял х1асилал:* |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 1. | Лаказул кьалул кечI «ПартIу-ПатIима» | 1 | | | ПасихIго цIали, дандекквеял, эпитетал рати. | К1алзулаб ц1ех-рех.Жив-живгун х1алт1и. | Г1ел бащадазда ва ч1ах1ияздa гьоркьоб хьвада-ч1вадизе лъа |
| 2. | Лезгиязул кьалул кечI «ГанчIил вас». | 1 | | | ПасихIго цIализе, тема ва идея батизе | Т1ехь | Пайдаял ишалги ч1ах1иязулгун ва г1иссиназулгун |
| 3. | МагIарулазул кьалул кечI «Надир-шагь щущахъ виххизав | 1 | | | ПасихIго цIализе, кочIол анализ гьабизе. | Портрет | Х1инкъи гьеч1еб ва сах-саламатаб г1умру гьабизе лъай |
| 4. | 18-19 гIасрабазда хъвавулаб адабият. | 1 | | | ГI.Абубакархажиясул, Къ.Мусаласул Гь.СагIидил кучIдул цIализе | К1алзулаб ц1ех-рех. Жив-живгун х1алт1и. | Хьвада-ч1вадизеги транспорталда ва нухазда хьвадиялъул къаг1идабиги лъай |
| 5. | Сочинение «Дир анищ ккараб х1алт1и» | 1 | | | Сочинение хъваи | Мажмуг1 | Жинца загьир гьабураб пикруялъулъ гIунгутIаби ратиз |
| 6. | Инхоса ГIалихIажияв «ГIакълудал ралъад». | 1 | | | Авторасул гIумру ва твор Аваразул мацI къачIарав рагIул устар. КечI цIали. НасихIатиял кучIдул. | Портрет | Россиялъул ва Дагъистаналъул халкъаз нилъее тарал эстетика |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 7. | «Мукъур сурмияб микки»<br><br>«Гьурмадул берцинлъи гIун». | 1 | | | ГIадатай магIарулалъул берцинлъи,хIеренлъи, хIалтулъ бажари, хIурматалъе. | Т1ехь | Рахьдал мацI нилъер культураялъул аслу букIин бичIчIи |
| 8. | «ХъахIаб рас баккиялде». | 1 | | | ГIумруялъул диалектияб закон рагьулеб философияб асар. | К1алзулаб ц1ех-рех.<br><br>Жив-живгун х1алт1и. | Рокьи Ват1аналде |
| 9. | Сочинение «Дир росу» | 1 | | | Сочинение хъвай . | Т1ехь | Рокьи т1абиг1аталде |
| 10. | ГIалихIажиясул замана- лъул поэтал. | 1 | | | ГIанхил Маринил,Хьаргаб МухIамадбегил, Ругъжаса Элдариласул кучIдул цIализе. | К1алзулаб ц1ех-рех.<br><br>Жив-живгун х1алт1и. | Жиндирго пикру ккун чIезе |
| 11. | БакьайчIиса ЧIанкIа<br><br>«Гулишатиде». | 1 | | | ШагIирасул гIумруялъул ва тв-воялт хIакъ-лъ баян.Инсанасул рухIияб гъварилъуде | Т1ехь<br><br>Портрет | Авар мацI миллиябгин культурияб бечелъи букIин бичIчIизе |
| 12. | «ГьаракIунисей».<br><br>«ТIадемагIарухъе яхине анищ» | 1 | | | КучIдузул мислияб цIали бихьизаби Аслияб тема бати. | К1алзулаб ц1ех-рех.<br><br>Жив-живгун х1алт1и. | Жинца загьир гьабураб пикруялъулъ гIунгутIаби ратизе |
| 13. | Калам цебетIезаби Сочинение «ЧIанкIал асара--зулъ гьайбатаi магIарулалъул образ». | 1 | | | Сочинение хъвай | Калам цебет1езаби | Рахьдал мацI нилъер культураялъул аслу букIин бичIчIи |
| 14. | ХъахIабросулъа МахIмуд «Макьу». | 1 | | | ШагIирасул гIумру ва тв-во | К1алзулаб ц1ех-рех. | Авар каламалъул мухIканлъи ва берцинлъи бичIчIизе |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 15. | «Эбелги ясги»,<br>«ГIишкъул цIецIа». | 1 | | | Авторасул лирикиял кучIдузулъ пикруялъулги хIасраталъулги хIалуцин. | Т1ехь<br>Портрет. | Жинца загьир гьабураб пикруялъулъ гIунгутIаби ратизе |
| 16. | «РекIел гьаваялъул гьундул рихханин». | 1 | | | МахIмудил лирикаялъул художествияб камиллъи, магIнаялъ бечелъи. | К1алзулаб ц1ех-рех.<br>Жив-живгун х1алт1и. | Рахьдал мацI нилъер культураялъул аслу букIин бичIчIи |
| 17. | ЦIадаса ХIамзат<br>«ХъахIабросулъа МахIмуд» | 1 | | | МахIмудил ва ЧIанкIал творчествоялъулъ реализм ва романтизм. | Т1ехь<br>Портрет | Рокьи Ват1аналде |
| 18. | ЧIанкIал ва МахIмудил заманалъул поэтал. | 1 | | | Этил ГIалил ва Кьохъа МухIамадил кучIдул цIали. | Т1ехь<br>Портрет | Рокьи т1абиг1аталде |
| 19. | Лезгиязул адабият. Кочхюралда СагIид «Мурсалханасе нагIана» | 1 | | | СагIидица лезгиязул адабият цебетIеялъе кьучI лъей баян гьаби. | К1алзулаб ц1ех-рех.<br>Жив-живгун х1алт1и. | Жиндирго пикру ккун чIезе |
| 20. | Ятим Эмин «Огь,нилъер гIумру «Дие ракбати гьабулезде» | 1 | | | Ятим Эминил гIумру ва творческияб нух. | Портрет | Жинца загьир гьаби |
| 21. | «Эминил васият»,<br>«Огь, панаяб дуниял», | 1 | | | ГIумрудул ахиралда дунялалдасаго ракI буссарал пашманал бакъанал рагIи. Обществияб гIуцIи каки. | Т1ехь | Рахьдал мацI нилъер культураялъул аслу букIин бичIчIи |
| 22. | Ятим Эминил заманалъул поэта | 1 | | | Киналго миллатазул мискинзабазул къисмат цого букIиналъе гьал авторазул асараз нуIглъи гьаби. | К1алзулаб ц1ех-рех.<br>Жив-живгун х1алт1и. | Рокьи Ват1аналде |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 23. | К.ц. Сочинение» Дие бокьу-<br>леб т1абиг1аталъул заман» | 1 | | | Сочинение хъвай | Пейзажал | Авар каламалъул мухIканлъи берцинлъи бичIчIизе |
| 24. | ЛъарагIазул адабият<br>Йирчи Гъазахъ<br>«Сибиралдаса кагъат» | 1 | | | ШагIирасул гIумру ва тв-во<br>Пачаясул туснахъазда бугеб хIалалъул хIакъикъат рагьу--лел кагътал. | К1алзулаб ц1ех-рех.<br>Жив-живгун х1алт1и.<br>Т1ехь | Рахьдал мацI нилъер культураялъул аслу букIин бичIчIи |
| 25. | «БатIияб мех». | 1 | | | Мисалияб цIали. | К1алзулаб ц1ех-рех. | Жинца загьир гьабураб пикруялъулъ гIунгутIаби ратиз |
| 26. | «ГIакъиласул сабру бихxуларо» | 1 | | | Мискинзабазе бугеб зулмуялъул,гьезул гъийин бечедаз цIцIуялъул тема рагьи. | Т1ехь | Рокьи Ват1аналде |
| 27. | Йирчи Гъазахъил заманалъул поэтал. | 1 | | | Куч1дул ц1ализе | Портрет | Рокьи т1абиг1аталде |
| 28. | Даргиязул адабият<br>Батырай<br>«Рокьул кучIдул», | 1 | | | ШагIирасул гIумру ва тв-во<br>Лирикиял кучIдузулъ рокьул хIалуц бихьизабизе хIалтIизарулел худож рагIабазул бечелъи ва хаслъи. | К1алзулаб ц1ех-рех.<br>Жив-живгун х1алт1и. | Жиндирго пикру ккун чIезе |
| 29. | «Дица кечI кин ахIилеб?»<br>«Дица кечI ахIулаан». | 1 | | | Мискинзабазул би цIулеб обществ гIуцIи авторас каки. ПасихIго кучIду цIали | Т1ехь | Жинца загьир гьабураб пикруялъулъ гIунгутIаби ратизе |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| 30. | Батырайил заманалъул даргияз поэзия. | 1 | | | М.АхӀмадил  ва ц. кучӀдул цӀализе. | Портрет | Рахьдал мацӀ нилъер культураялъул аслу букӀин бичӀчӀи |
| 31. | Лаказул адабият<br><br>ХӀ.Гузунов,С.Габиев, Гь.СагӀидо | 1 | | | Куч1дул ц1ализе | К1алзулаб ц1ех-рех.<br><br>Жив-живгун х1алт1и. | Жинца загьир гьабураб пикруялъул гӀунгутӀаби ратизе |
| 32. | Табасараназул адабият<br><br>Къалухъа Мирза | <br><br>1 | | | Мирзал гӀумруялъул хӀакъ. баян кье<br>ХъантӀарал, вахӀшиял ханзаби кака<br><br>эркенлъиялде халкъ ахӀарал асарал | Портрет | Рокьи Ват1аналде |
| 33. | Мирзал заманалъул табасараназул поэтал | <br><br>1 | | | Табасараназул шагӀирзабазул кучӀдузулъ мискинзабазул кьогӀаб къисмат рагьун бихьизаби. | К1алзулаб ц1ех-рех.<br><br>Жив-живгун х1алт1и. | Рокьи  т1абиг1аталде |
| 34. | Малъараб гӀамлъизаби. | 1 | | | Такрар гьаби | | Жиндирго пикру ккун чӀезе |